

ghetto BIENNALE

Kreyòl, Vodou ak Lakou : twa fòm rezistans

Yon apèl pou atis yo ak moun ki konn òganize ekspozisyon atistik yo

Aprè Revolisyon Ayisyen an, lè peyizan yo te sòti anba esklavaj, yo te sèvi ak twa (3) zouti pou yo te kapab kanpe an kwa kont sistèm plantasyon anⁱ: lang Kreyòl lan (yon rezistans lengwistik), system Lakou a (yon rezistans teritoryal), epi pratik seremoni Vodou yo (yon rezistans kiltirèl). Nan liv "Ayiti: Replik Istwa yo" ("Haiti: The Aftershocks of History"), Laurent Dubois di, 'sete gras a yon ansanm eleman kiltirèl yo te pataje, epi ki te genyen yon kokenchenn fòs – lang Kreyòl lan, relijyon Vodou a, ak fason nouvo yo t ap jere tè a...- ki te pèmèt yo mete kanpe yon sosyete ki te rive reziste tout fòm dominasyon ki te sanble ak epòk esklavaj.'ⁱⁱ

Lang Kreyòl lan te pran nesans nan mitan plantasyon kolonyal yo. Li te komanse tankou yon metòd senp ki te pèmèt divès gwoup moun ki te sòti nan diferan zòn jeyografik ak nan diferan kilti yo, rive degaje yon lang pou kominike youn ak lòt andan koloni a. Aprè esklav yo te revolte, Kreyòl lan te vin yon lang rezistans, yon lang ki te pèmèt esklav yo retire kò yo nan Leta metwopol la ki te kontinye sèvi ak lang franse tankou *lingua franca* pou pouvwa ak kapital an Ayiti.

Esklav Afriken ak pitit pitit yo te kreye *Vodou* a, ki se yon relijyon kreyòl ki reyini yon ansanm eleman sòti nan anpil diferan pratik relijye. Plizyè ladan yo genyen rasin yo nan tradisyon pèp Afriken yo tankou Fon yo, Dawome yo, Kongo yo, Yoruba yo, elatriye. Li genyen eleman ki sòti nan pratik Kretyen yo tou, epi sa ki makonnen ak pratik Endyen Taino yo, ki sete premye pèp ki te abite zòn nan. Jan Dubois di nan liv li, 'Pandan yo t ap soufri ansanm akòz tout chòk lavi nan plantasyon yo, Afriken yo ak Kreyòl yo te devlope pwòp rit pa yo pou gerizon, pou dèy, epi pou adorasyon.'ⁱⁱⁱ

Lakou se yon sistèm ansyen esklav ayisyen yo te kreye—antanke moun ki te 'sibaltenn' (an deyò tout pouvwa)—pou jere latè nan pwovens riral yo. *Yon lakou* se yon mòso tè ki genyen yon gwoup kay konstwi kòtakòt, kote plizyè jenerasyon yon fanmi elaji ap rete ansanm. Li se alafwa yon pratik pou jere oswa posede tè a, ak yon pratik kowoperatif pou jere travay ak komès—ak lide pou reziste kont retou sistèm plantasyon an. Jan Dubois te ekri, 'Pou kenbe kontwòl sa a, sistèm *Lakou* a te tabli pwòp koutim pa li pou regle fason moun yo te posede tè oswa te transfere tè. Leta a pa te jwe okenn wòl nan transaksyon sa yo; sete kominote a ak fanmi yo ki te kontwole yo.'^{iv}

Vodou se yon tèm ki debat anpil nan diferan etid ki fèt konsènan kreyasyon atistik nan rejyon Karayib ak an Ayiti. Genyen deba sou kesyon 'ekzotism', ni konsènan Ayisyen yo k ap pratike oto-ekzotism, ni konsènan tretman "etranje" yo antanke "zòt." Genyen gwo enkyetid otou moun ki pa peyizan epi ki pa sòti nan geto a, men k ap pran kilti peyizan oswa kilti geto a pou yo, ki sanble yon estrateji ki pratikman neyo-kolonyalis. Jòdiya, kreyasyon atistik ayisyen an kanpe nan yon kafou ki difisil. Li kwense ant yon tandans 'naïf' oswa 'primitif', k ap selebre Vodou epi ki konn vann byen sou mache a, ak yon tandans ki vle pou

kreyasyon atistik ayisyen an pran plas li sou senn entènasyonal akote diferan kreyasyon atistik global yo.

N ap kontan akeyi pwojè k ap itilize langaj, dyalog, plas (latè), senbòl, ak pèfòmans... oswa pwojè yo k ap konsidere lit pou teritwa nan lemonn, diferan manifestasyon refi oswa friksyon lengwistik, ak seremoni oswa fòm esoterik k ap sèvi pou bloke oswa k ap montre entransijans. Ghetto Biennale (Geto Biyenale) ap lanse yon envitasyon bay atis yo ak moun ki konn òganize ekspozisyon atistik yo pou eksplòre ki potansyèl zouti radikal sa yo—Kreyòl lan, Vodou an, ak Lakou an—kapab reprezante pou lemonn jounnen jòdiya.

Katryèm Ghetto Biennale 2015 pral dewoule sòti nan fen novanm pou rive nan mitan desanm 2015. N ap bay dat egzak yo pi devan. Tout travay atistik yo oblije fèt, epi ekspoze an Ayiti. Nou pral envite atis yo ak moun ki konn òganize ekspozisyon atistik yo pou pase ant youn (1) rive twa (3) semenn an Ayiti avan pou yo prezante travay pa yo devan popilasyon an nan katye a, epi tou devan lòt kominote yo, devan kolektif atis yo, oswa devan òganizasyon atis yo.

Dat limit pou soumèt pwopozisyon nou yo se dimanch, 5 jiyè, a 7tè diswa, lè Ayiti. Nou pral anonse pwojè ki seleksyone yo pandan twazyèm semenn jiyè a. Si w vle patisipe nan Katryèm Ghetto Biennale 2015, ou dwe voye yon ti dokiman kote w bay yon ti kontèks sou konsèp pwojè w, epi ou dekri metodoloji ak estrateji w pou pwodwi ak ekspoze nouvo travay w pral fè a. Dokiman w (ansanm ak desen yo si w ap itilize yo) pa dwe depase 2 fas yon fey papye A4. Ou dwe tou voye yon CV ki pa depase yon sèl paj. Toulède dokiman sa yo dwe sou fòm PDF. Nou pa p kapab aksepte yon pwopozisyon ki depase 2 fas, oswa imaj ki anekse yo, epi nou pa pral konsidere yon lyen pou yon sit web antanke konposant yon pwojè.

Pa bliye: n ap chache pwodiksyon yo ki pral kreye an Ayiti pandan peryòd twa semenn yo. Nou pa enterese ak travay ki deja fèt. Nou t ap kontan akeyi pwojè yo ki baze sou yon kolaborasyon ak atis lokal yo epi nan ka sa a, nou kapab ede tabli kontak ant atis yo davans.

Evènman sa a pa gen okenn finansman. Chak patisipan pral oblije kouvri tout depans li (transpò, manje/dòm, materyèl...). Nou pral distribye yon lis pou lekti, epi genyen yon lyen pi ba pou yon film sou Atis Gran Ri yo ki sou entènèt. Nou t ap byen kontan ede nou a distans avèk rechèch oswa enfòmasyon nan faz preparasyon dokiman pwopozisyon an, ak nan faz preparasyon pou aktivite a menm. Nou kapab ba w konsèy pratik otou travay espesifik ou ak bidjè pou vwayaj la. Si travay ou a pral mande anpil antretyen entansif yo, nou konseye w deja pou w bidjetize pou pwòp tradiktè-tris pa w. Sonje, se sèlman 50% nan popilasyon ayisyen an ki kapab li, kidonk pwojè ki genyen anpil teks kapab difisil pou popilasyon lokal lan konprann. Nou kapab ede w òganize yon chanm otel, transpò sòt nan aewopò a, ak lòt transpò lokal.

Se sèlman atis ayisyen yo ki gen dwa sévi ak kamera yo nan Ghetto Biennale, kidonk nou pa pral konsidere pwopozisyon lòt patisipan yo pou videyo oswa foto yo. Men, pral genyen yon fotograf sou plas ki pral dokimante pwojè yo nan fen evenman an, pou tout atis ki bezwen genyen imaj sa yo.

Pou gade "Skilptè Gran Ri yo": <http://vimeo.com/14681755>

Pou plis enfòmasyon konsènan Atis-Rezistans: www.atis-rezistans.com

Pou achiv projè Ghetto Biennale anteryè yo: www.ghettobiennale.org

Voye kesyon oswa pwopozisyon yo bay Leah Gordon: Leahgordon@aol.com

-
- ⁱ Laurent Dubois, *Haiti: The Aftershock of History*, (Picador 2012) p 104
 - ⁱⁱ Laurent Dubois, *Haiti: The Aftershock of History*, (Picador 2012) p 104
 - ⁱⁱⁱ Laurent Dubois, *Haiti: The Aftershock of History*, (Picador 2012) p 22
 - ^{iv} Laurent Dubois, *Haiti: The Aftershock of History*, (Picador 2012) p 109